



Èske Mwen Kalifye?



Sitwayènte/Rezidans ak Kondisyon Revni

Ou dwe sitwayen ameriken oubyen yon rezidan legal nan USVI.

Satisfè kondisyon HUD yo poun revni fèb jiska mwayen oswa bezwen ijan.



Pwopriyete ak Rezidan Prensipal

Pwouve ou se mèt kay ki se rezidans prensipal ou **apatide septanm 2017**.



Domaj Tanpèt Lakòz

Domaj nan pwopriyete an akòz Siklòn Irma epi/oswa Marfa.



Estrikti ki Elijib

Pwopriyete ki domaje a se dwe youn nan tip estrikti elijib sila yo:

- Kay pou youn oswa 2 fanmi
- Mobil Home
- Kondominyòm

Nòt: Karavann yo ak woulòt pou vwayaj yo PA ELIJIB.

Kijan pou w Aplike? Ki Dokiman Y ap Mande M?

Gen 3 fason pou aplike:



Sou Telefòn Ou

Telechaje dokiman sou aplikasyon sekirize pou smatfòn. **Aplikasyon:** Alikasyon EnVIsion an disponib pou telechaje li nan magazen aplikasyon ou an (App store). Chèche: **VI Storm Recovery** apreesa ouvri yon kont avèk yon imèl epi ranpli aplikasyon an.



Sou Konpitè Ou

Telechaje dokiman w yo sou pòtay an liy la. Ou kapab pwograme tou yon konsiltasyon pèsone nan Sant Redrèsman nou an ki pi pre w la. **Wèbsayt:** Vlstormrecovery.com



Fas-a-fas

Kontre ak yon Konsye Pwogram kalifye nan yon Sant Redrèsman.

St. Croix

Health Conscious building (akote NAPA)

St. Thomas

TuTu Mall (akote Subway)

1

Prè Sitwayènte ak Rezidans

Dokiman yo gen ladann:

- Pèmi pou Kondwi Machin U.S.V.I.
- Batistè oubyen lòt prèv konfòmite leta bay

2

Prè Pwopriyete

Tanpri pote youn nan dokiman sila yo:

- Tit pwopriyete (pi bon)
- Rapò Tit (yon konpayi asirans akredite tit ki bay li)
- Dosye evalyatè taks
- Lòt dokiman legal (yo pra egzamine yo ka pa ka)

3

Prè Okipasyon

Tanpri pote youn nan dokiman sila yo:

- Lèt atribisyon FEMA IA
 - Egzanpsyon 2017 Homestead oswa lòt egzanpsyon ki verifie grasa dosye taks fonsye Teritwa a
 - OLòt dokiman yo ba w nan moman dezasa la te fèt:
 - Bòdwo/deklarasyon/korespondans ki dekri anba la a. Se pou bòdwo/ deklarasyon/ korespondans lan date nan mwa anvan oswa mwa dezasa la te rive epi li dwe koresponn ak non ak adrès ki sou aplikasyon Pwogram la
- | | | |
|------------|-----------|----------------|
| • Elektrik | • Fatra | • Telefòn |
| • Gaz | • Dlo ize | • Kat kredi |
| • Dlo | • Kab | • Relve labank |
- Dosye kat votè ak pèmi machin ki koresponn ak non epi adrès ki sou aplikasyon Pwogram la.

4

Prè Revni

Tanpri pote youn nan dokiman sila yo:

- Deklarasyon taks federal ki pi resan an (pi bon)
- W2 ki pi resan an
- Dokiman sous revni sou 3 mwa pou tout moun nan kay la pou detèmine revni anyèl kay la (pa egzansp, deklarasyon salè, deklarasyon pousantaj patisipasyon, deklarasyon konpansasyon chomaj) pou fanmi a

**Kondisyon pwogram la gendwa chanje.*